



PEMERINTAH KOTA BANDUNG  
DINAS PENDIDIKAN  
SEKOLAH DASAR NEGERI 074 AYUDIA  
Jl. Ayudia no 25 Bandung 40172



Nama : .....

Kelas : .....

PENILAIAN TENGAH SEMESTER 1 (PTS 1)  
BAHASA SUNDA  
Tahun Pelajaran 2020/ 2021

A. Klik dina huruf A, B, C atawa D dina jawaban nu bener!

Baca ték bacaan di handap pikeun ngajawab soal!

**Penyu Héjo**



Sumber: sentanaonline.com

Penyu téh nyaéta kuya laut. Nurutkeun para ilmuwan, penyu téh geus aya ti ahir jaman jura (145-208 juta taun kaliwat) rék saumur jeung dinosaurus.

Sanajan salilana aya di jero cai, sakali waktu mumbul ngarénghap. Penyu napasna ku paru-paru. Penyu ngalalana kacida jauhna. Tempat nu jauhna 3.000 km bisa disorang salila 58-73 poé.

Penyu jalu salilana hirup di laut. Penyu bikang muru basisir nyelang rék ngendog. Teu tulus ngendog mun kacaangan atawa kagandéngan.

Di dunya téh ngan aya tujuh rupa penyu nu masih hirup, nyaéta penyu héjo, penyu sisik, penyu *Kemp's ridley*, penyu lekang, penyu balingbing, penyu pipih, jeung penyu tempayan.

Penyu balingbing téh penyu nu panggedéna. Panjang awakna 2,75 m, beuratna 600 -900 kg. Penyu lekang pangleutikna, beuratna ukur 50 kg. Anu pangmindengna kapanggih mah penyu héjo. Kabeukina tutuwuhan jeung sato laleutik.

1. Aya sabarahan **pada** ték bacaan di luhur?  
A. 5  
B. 4  
C. 3  
D. 2
2. Nurutkeun bacaan di luhur, tujuan penyu mumbul ka luhur cai nyaéta pikeun ....  
A. ngendog  
B. ngarénghap  
C. ngalalana  
D. kawin
3. Penyu anu panggeudéna nyaéta penyu ....  
A. Héjo  
B. Sisik  
C. Balingbing  
D. Tempayan

4. Berat penyu lekang, nyaéta ... kg.  
 A. 900 C. 100  
 B. 600 D. 50
5. Penyu anu paling sering kapanggih nyaéta penyu ....  
 A. Balingbing C. Lekang  
 B. Tempayan D. Héjo

**B. Kerjakeun soal di handap ieu kucara ngajodokeun!**

| Paribasa                  | Harti Paribasa                                      |
|---------------------------|-----------------------------------------------------|
| Nyiuk cai ku ayakan       | paturay, asal babarengan lila tuluy papisah.        |
| Sapu nyéré pegat simpay   | migawé laku nu moal aya hasilna.                    |
| Legok tapak genténg kadék | adat téh hésé digantina                             |
| Adat ka kurung ku iga     | loba pangalaman                                     |
| Aya jalan komo meuntas    | eukeur mah aya maksud turugturug aya pijalaneunana. |

**C. Kerjakeun soal di handap ieu ku cara nempélkeun jawaban dina kotak jawaban!**

| Asal kecap    | Rarangén Tengah | Jadi    |
|---------------|-----------------|---------|
| Béla          |                 |         |
| Lieur         |                 |         |
| Tulis         |                 |         |
| Kotak Jawaban |                 |         |
| Tinulis       | Buméla          | Lalieur |
|               | um              | al      |
|               | in              |         |

**D. Eusian soal di handap ieu ku cara milih jawaban anu paling bener (Matéri Kecap Seureupan)!**

1. Émbér kaasup kecap seureupan tina basa ....
2. Kopéah kaasup kecap seureupan tina basa ....
3. Tauco kaasup kecap seureupan tina basa ....
4. Nagara kaasup kecap seureupan tina basa ....
5. Tahu kaasup kecap seureupan tina basa ....
6. Madrosah kaasup kecap seureupan tina basa ....
7. Dasi kaasup kecap seureupan tina basa ....
8. Tahu kaasup kecap seureupan tina basa ....